

Pou : Manm Komite Skolè Lekòl Piblik Boston
Sot nan men : Sipèentandan Pwovizwa, Doktè Drew Echelson
Dat la : 29 out, 2022
Osijè : Ouvèti Lekòl Piblik Boston pou ane skolè 2022-2023

Memorandòm sa a se yon rezime jeneral de prezantasyon aswè a sou Rantre Skolè ane skolè 2022-2023 a devan Komite Skolè a. Mizajou nou an va ede manm yo konprann plan sila yo nou met an plas pou n kapab gen yon kòmansman ane skolè ki solid pou elèv, fanmi, ak manm pèsònèl Lekòl Piblik Boston yo (BPS).

Byenke n ap gen yon premye jou solid, pi gwo enkyetid nou se toujou parapò a rekritman/abochaj manm pèsònèl ak transpòtasyon, men toutfwa nou sou bon chemen. N ap pral mete w ajou sou pwogrè n ap fè ak plan nou genyen nan domèn sa yo nan prezantasyon sa a. Epitou n ap mete w ajou sou :

- **Rektritman/Anbochaj manm pèsònèl yo**
- **Transpòtasyon**
- **Sèvis Manje ak Nitrisyon**
- **Enstalasyon yo**
- **Planifikasyon ak Preparasyon parapò a COVID-19**
- **Deziyasyon Elèv yo**
- **Sansibilizasyon ak Angajman**
- **Afè Aprantisaj**

Akoz prezantasyon sa a gen divès mizajou ladan l sou plizyè kalite travay divès departman ap fè pou prepare pou yon bon ouvèti nan lekòl yo, chak departman ap enkli divès konsiderasyon ak strateji ekite kle nan rapò departmantal detaye yo alavni, olye de konbine efò sa yo nan yon sèl deklarasyon sou enpak ki pwodui parapò a ekite.

Rektritman/Anbochaj manm pèsònèl yo

Chofè ak siveyan bis yo, travayè domèn manje yo, ak kèk parapwofesyonèl (asistan) ap rete nan pòs elve nou bezwen ranpli yo. N ap travay pou n kreye kèk motivasyon pou divès pòs chofè ak siveyan bis, nan fason n ap fòmile divès plan pwovizwa pou asire ke elèv sila yo ki gen siveyan deziyen resevwa sèvis nesèsè yo.

Anbochaj pwofesè syans ak pwofesè ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) segondè arive prezante

yon defi tou. Tanpri note defi majorite pòs anseyan ki vid yo prezante devan plizyè lekòl nan moman sa a, sepandan distri a ap travay sere sere avèk lekòl sa yo pou anboche manm pèsònèl nesèsè yo pou premye jou rantre skolè a.

Transpòtasyon

N ap kontinye eksplwate Akò Negosasyon Kolektif nou an avèk Sendika Chofè yo (Drivers Union), ki ban nou divès nouvo opòtinite pou n sèvi elèv nou yo pi byen. N ap travay darachpye avèk patnè nou yo nan Vil la ak MBTA la pou n kolabore e minimize kontraryete pandan fènti san presedan Liy Tren Oranj lan, epi n ap kontinye amelyore defisyans operasyonèl yo ki va ede nou transpòte elèv nou yo lekòl an sekirite e alè. Ekip transpòtasyon Lekòl Piblik Boston an (BPS) ap kontinye travay sou kreyasyon trajè ak deziyasyon bis yo, anbochaj/rekritman manm pèsònèl sèvis kliyan yo, ak preparasyon lakou bis yo.

Sèvis Manje ak Nitrisyon

Prezantasyon nou an ap enkli yon mizajou sou nouvo vandè nou an, « City Fresh Foods », ansanm ak yon rapò sou plan nou genyen pou n fè livrezon manje lekòl yo nan moman mankman sa a ke n ap travèse parapò a kantite manm pèsònèl nou genyen yo.

Enstalasyon yo

Pou asire yon bon ane skolè, tout enstalasyon lekòl nou yo (tout bilding yo) dwe an sekirite e akeyan. Ete sa a, lekòl nou yo te sibi bonjan netwayaj ak dezenfeksyon an pwofondè, ansanm ak plizyè amelyorasyon ni anndan ni deyò. Epitou nou te konplete plizyè pwojè renovasyon lekòl, ekspansyon, ak divès lòt mizajou ki enkli espas anndan ak deyò, tankou twalèt, antre bilding yo, lakou paking, ak lakou rekreyasyon yo.

Deziyasyon/Sansibilizasyon ak Angajman Elèv yo

N ap egzamine chif kantite deziyasyon ak efò sansibilizasyon nou yo e mete w ajou konsènan enskripsyon distri a pandan mwa out la, ki se peryòd ki pi wo a. Apati 24 out, yon total de 50.980 elèv te enskri nan Lekòl Lekòl Piblik Boston (BPS). Chif sa a ap varye tank elèv yo ap swa kontinye enskri oswa retire tèt yo. Enskripsyon total fòmèl la ap disponib 1ye oktòb.

Epitou n ap kontinye rele tout fanmi ki sou lis datant pou plas disponib. Efò sansibilizasyon fanmi ak sansibilizasyon kominotè yo se efò amikal yo ye, e yo enkli ankourajman parapò enskripsyon elèv yo. Nouvo Liy Asistans Lekòl Piblik Boston an, an vigè e an fonksyon, epi pwogram Konte Jou pou Jadendanfan (Countdown to Kindergarten) ekip Edikasyon Timoun nan deja kòmanse avèk 30 evènman katye ak yon Selebrasyon pou tout vil la madi, 30 out.

Epitou Lekòl Piblik Boston ap ebèje de (2) reyinyon Rantre Skolè (« Back-to-School ») kominotè vityèl pou bay fanmi yo yon opòtinite pou yo fè konesans avèk nouvo Sipèntandan an e aprann plis sou kòman n ap prepare lekòl yo pou tout elèv nou yo. Reyinyon yo pwograme pou jedi, 1ye septanm, a 6:00 diswa, ak samdi, 10 septanm, a 10:00 dimaten.

Planifikasyon ak Preparasyon parapò a COVID-19

Yon ekip reprezantan Lekòl Piblik Boston ak reprezantan Komisyon Sante Piblik Boston k ap fonksyone ansanm, reyini twa jou pa semèn pou asire ke nou sou bon chemen parapò a planifikasyon pou COVID-19 pou kòmansman ane skolè a. Planifikasyon nou enkli tès pou elèv yo ak manm pèsònèl yo, distribisyon tès moun kapab fè lakay, tès sentomatik, klinik vaksen ak edikasyon, ak regleman nou genyen parapò a mete mask. Epitou n ap bay anpil atansyon a asire ke lekòl yo gen kalite lè ak vantilasyon ki apwopriye, e ke yo gen pirifikatè lè ak detektè kalite lè ki fonksyone.

Afè Aprantisaj

Nèf rejyon lekòl ak sipèntandan lekòl pare pou yo akeyi elèv yo yon lòt fwa ankò nan sal de klas yo e bay edikatè nou yo sipò avèk yon Konsantrasyon sou Ansèyman Alfabetizasyon ki Ekitab. Epitou n ap mete divès sipò an plas pou elèv ki gen andikap ak elèv miltileng (ki pale plizyè lang). Nou arive etabli yon lokal tanporè pou ebèje yon Sant Evalyasyon ak Konsèy pou Nouvo Elèv nan East Boston, e nan moman sa a n ap mete Manyèl Regleman ak Pwosedi Edikasyon Espesyal nou an ajou. Nouvo akò negosyasyon kolektiv nou an ke nou gen avèk Sendika Pwofesè Boston an (Boston Teachers Union) pèmèt nou avanse nan yon fason agresif e avèk anpil refleksyon avèk travay enklizyon nou an. N ap bay rapò sou etablisman premye kowòt 20 a 25 lekòl nou yo, ki va kreye divès plan enklizyon pou lekòl patikilye pa yo ak sou Ekip Enklizyon k ap Fonksyone Ansanm yo ki va abòde kesyon anpechman sistematik yo ki anpeche sistèm nou an devni pi enklisif nan chak lekòl patikilye.